



Pou Piblikasyon Imedya: 20/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL GARANTI APWOBASYON NAN GOUVÈNMAN FEDERAL
POU ASISTANS ENDIVIDYÈL FEDERAL NAN KA KATASTWÒF NAN KONTE
DUTCHESS**

***Rezidan nan Konte Dutchess ki afekte yo elijib kounye a pou aplike pou asistans
endividyèl nan FEMA nan kad deklarasyon katastwòf majè pou Siklòn Ida***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a rezidan yo nan Konte Dutchess elijib pou aplike pou pwogram Asistans Endividyèl FEMA a nan kad [Deklarasyon Katastwòf Majè ki te deklare anvan](#) pou inondasyon devastatè ak domaj rès Siklòn Ida te lakòz nan kòmansman mwa septanm lan. Apwobasyon pou Asistans endividyèl la pèmèt FEMA bay soulajman ak sipò finansye dirèk pou moun ak mèt kay ki elijib yo.

"Mwa pase a mwen te temwen dirèk devastasyon tanpèt istorik sa a te lakòz epi mwen te pwomèt Nouyòkè yo nou t ap fè tout sa nou kapab pou sipòte yo pandan pwosesis rekiperasyon an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou te garanti kounye a Asistans Endividyèl pou rezidan yo nan Dutchess ak uit lòt konte gras ak ekip evalyasyon domaj lokal, eta ak federal ki te travay san pran souf pou sekirize asistans enpòtan sa a. Mwen remèsye ekip yo pou efò yo ak patnè nou yo nan FEMA ki kontinye sipòte rekiperasyon eta nou an".

"Tanpèt Twopikal Ida te devaste kominote yo nan New York, ak Konte Dutchess te sibi plizyè milyon nan domaj sou wout yo, biznis yo ak plizyè santèn kay", **Senatè Chuck Schumer te deklare.** "Pandan mwen pral kontinye batay pou mete kay, biznis ak kominote Konte Dutchess yo sou wout pou yo rekipere, mwen fyè FEMA te reponn apèl mwen pou asistans federal vital sa a pou bay fanmi yo sipò yo bezwen pou rekipere ak rekonstwi pi djanm. Mwen pral kontinye batay anpil pou asire fanmi yo nan Hudson Valley gen tout resous yo bezwen pou rekonstwi pi djanm pase anvan".

"Kounye a, rezidan nan Konte Dutchess yo gen aksè ak gwo finans ijans FEMA epi kapab kòmanse konstwi ak rekipere apre Siklòn Ida", **Senatè Kirsten Gillibrand te deklare.** "Lè nou konsidere anplè ak nati istorik tanpèt sa a, mwen menm, ansanm avèk manm yo nan delagasyon kongrè New York la ak Gouvènè Hochul, te mande mezi enpòtan sa a nan kad Deklarasyon Katastwòf Majè a pou Eta New York pou ede fanmi ak kominote yo rekipere apre gwo domaj inondasyon an te lakòz. M ap kontinye poze baz pou yon avni ki pi djanm ak pi rezistan".

"Garanti tout asistans federal la disponib pou fè yon rekiperasyon konplè apre Siklòn Ida te yon priyorite prensipal pou mwen nan Washington. Bay Asistans Endividyèl FEMA nan Konte Dutchess se yon etap kle nan bon direksyon an", **Reprezantan Sean Patrick Maloney te deklare.** "Mwen te travay avèk responsab lokal yo, kominike avèk Mezon Blanch lan ak Biwo Gouvènè a pou bay vil, vilaj ak konte nou yo bon finansman federal, men nou poko fini. Mwen pral kontinye lite pou m asire rès elektè mwen yo nan Hudson Valley jwenn èd yo bezwen".

"Depi moman Siklòn Ida a te frape kominote nou yo, mwen t ap lite pou garanti asistans ak sipò pou rezidan yo nan rejyon nò eta a", **Reprezantan Antonio Delgado te deklare.** "Mwen fyè pou m ede bay Asistans Endividyèl ak Asistans Piblik pou moun nan Konte Dutchess yo. Mwen ankouraje rezidan yo aplike pou asistans FEMA ak kontakte biwo mwen an pou nenpòt kesyon".

"Se trè bòn nouvèl pou sitwayen ak mèt biznis yo nan Konte Dutchess ke Siklòn Ida te afekte prèske de mwa de a", **Egzekitif Konte Dutchess, Marc Molinaro, te deklare.** "Depatman Entèvansyon Ijans nou an te travay san pran souf pou garanti vizit sou sit yo nan zòn ki andomaje yo ak rasanble estimasyon sou domaj yo nan men rezidan ak mèt biznis yo pou resevwa sipòt finansye sipleman tè nan men FEMA. Gras ak efò nou yo, rezidan ak biznis yo kounye a gen posibilite pou resevwa asistans finansye pou ede yo rekipere".

Asistans endividyèl la bay sipò dirèk pou moun ak mèt kay yo. Nouyòkè yo gendwa kapab resevwa fon pou lòt depans ak bezwen enpòtan pou moun ki pa asire oswa ki pa byen asire ke katastwòf la lakòz tankou reparasyon oswa ranplasman pwopriyete pèsònèl, fon pou deplase ak estoke oswa swen medikal, dantè ak gadri. Mèt kay yo ak lokatè yo ta dwe fè tout efò pou dokimante pèt yo. Nan konte ki kalifye pou asistans endividyèl yo, mèt kay ki kalifye yo pral travay dirèkteman avèk FEMA pou jwenn finansman. Asistans lan kapab gen ladan fon pou inite lojman tanporè, lojman ak reparasyon ale, konsèy nan sityasyon kriz, asistans pou chomaj ak sèvis jiridik.

Eta a pral fè patenarya avèk FEMA ak Konte Dutchess nan etablisman yon Sant Rekiperasyon apre Katastwòf, ki pral bay enfòmasyon presye pou ede Nouyòkè yo nan efò rekiperasyon ak sipò yo nan pwosesis pou aplike pou asistans ak soulajman ki disponib.

Konte sipleman tè yo deja apwouve pou Asistans Endividyèl nan kad Deklarasyon Katastwòf Majè a, sa gen ladan Konte Bronx, Kings, Nassau, Queens, Richmond, Rockland, Suffolk ak Westchester.

Konte Bronx, Dutchess, Kings, Nassau, New York, Orange, Putnam, Queens, Richmond, Rockland, Suffolk, Sullivan, ak Westchester kalifye tou pou Asistans Piblik, ki bay finansman pou repara bilding ak enfrastrikti piblik tankou wout, pon, lekòl, pak, lopital, pòs lapolis, ponpye, etablisman dlo ak tretman dlo sal ak lòt etablisman piblik yo.

Gouvènè Hochul ak Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans lan kontinye travay avèk patnè federal, eta ak lokal yo pou asire Nouyòkè yo jwenn resous ak asistans pou rekipere konplètman anba efè devastatè Siklòn Ida.

Asistans pou Evalyasyon Domaj Preliminè yo kontinye nan konte Ida te afekte yo. Eta a pral kontinye defann èd federal ki disponib pou tout rezidan ki afekte yo.

Gouvènè Hochul te anonse anvan lansman nouvo sant resous sou entènèt pou Nouyòkè ki afekte yo, disponib nan ny.gov/lda. Sant lan bay enfòmasyon sou pwogram asistans ki disponib yo ak kote pou jwenn sèvis tankouabri epi aksè ak manje. Yo pral mete enfòmasyon sou sit la ajou amezi gen plis resous pou Nouyòkè yo ki vin disponib.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418